УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№88 (14048)

2025 гъэ, щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 27, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Сессием къикIыу



## Мылъкур къызэрагъэсэбэпым

КъэкIуэну илъэсищым тещIыхьауэ зэхагъэува республикэ бюджетым и проектым ехьэлIауэ зэхаша зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ оргкомитетым и унафэщI, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Чеккуев Хъызыр и нэIэм щIэту.

ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и депутатхэм къинэмыщIауэ республикэм и Правительствэм хэтхэр, ди хэгъуэгум и прокуратурэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ Iэмалхэм я лIыкIуэхэр.

КъЧР-м щыпсэухэмрэ абы щылажьэ организацэхэмрэ 2026 гъэмрэ 2027, 2028 гъэхэм я пIалъэмрэ ятещIыхьа республикэ бюджетым и проектым Парламентымрэ республикэм финансхэмкIэ и Министерствэмрэ я сайтхэм, «День республики» газетым деж зыщагъэгъуэззэну лъэкIыныгъэ яIащ.

Правительствэм и Унэм и пэшышхуэм щекIуэкIа зэIущIэм хабзэм и проектым теухуа доклад къыщищIащ КъЧР-м финансхэмкIэ и Министерствэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Хубиевэ Маринэ. Абы къиIуэтащ бюджетым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. 2026 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр псори зэхэту сом мелуан 42 742,9-рэ мэхъу. 2027, 2028 гъэхэм — сом мелуан 44 494,6-рэ сом мелуан 43 738,4-рэ.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и бюджетым щыщу 2026 гъэм псори зэхэту къагъэсэбэпынущ сом мелуан 43 907,6-рэ, 2027 гъэм — сом мелуан 47 250,9-рэ, 2028 гъэм — сом мелуан 43 863,5-рэ. Апхуэдэу, зэхалъхьа бюджетым 2026 гъэм сом мелуан 1 164,7-рэ, 2027 - 2028 гъэхэм сом мелуани 2 756,3-рэ сом мелуан 125,1-рэ хуримыкъуныгъэ (дефицит) яIэнущ.

КъинэмыщIауэ, къагъэлъэгъуащ мылъку нэхъыщхьэр зыхуагъэззэну унэтIыныгъэхэр: егъэджэныгъэр, узыншагъэр хъумэныгъэр, социальнэ политикэр, нэгъуэщIхэри. Зэрыщыту къапщтэмэ, бюджетыр социальнэ лъэныкъуэмкIэ зэгъэпэщауэ къыщIокI.

Бюджет мылъкур зытрагъэкIуэдэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, нэхъапэм зэрыщытам хуэдэу, зытещIыхьар УФ-м и Президентым и «Накъыгъэ» Унафэхэр, УФ-м и Президентым «О национальных целях развития Российской Федерации на период до 2030 года и на перспективу до 2036 года» и Унафэр, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къигъэува къалэнхэм я гъэзэщIэныр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ пщэрылъхэр зэфIэхынращ.

АдэкIэ хэплъахэщ цIыхухэмрэ организацэхэмрэ къабгъэдэкIыу къаIэрыхьа чэнджэщхэм. Абыхэм ящыщщ:

— цIыху щхьэхуэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ хуащI къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэр ягъэгъуэтынымкIэ Къэрэшей-Черкес Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Министерствэм бюджет хэхъуэу хухахыр нэхъыбэ щIын;

— мы медицинэ реабилитацэмрэ афиянафэхэр ресоциализацэ щIынымрэкIэ яхуэгъэзауэ Къэрэшей-Черкес Республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и Министерствэм бюджет хэхъуэу хухахыр нэхъыбэ щIын;

— КъЧР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ и Министерствэм бюджет къыхухагъэкI мылъкур хэгъэхъуэнымкIэ сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэIэм щIэмыт сабийхэмрэ, зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ, бэджэнду псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ.

ЗэIущIэм икIэм дэфтэрыр къащтащ. Абы хэплъэнущ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм бюджетымкIэ, финансхэмрэ хьэкълыкъхэмрэкIэ и комитетым и зэIущIэм. ИужькIэ дэфтэрым хэплъэну КъЧР-м финансхэмкIэ и Министерствэм, республикэм и къэпщытакIуэ-къэлъытакIуэ палатэм, нэгъуэщI къулыкъухэм ягъэкIуэнущ.

КъинэмыщIауэ, ОНФ-м и хэгъуэгу исполкомым и унафэщI Каппушевэ Людмилэ къиIэтащ щхьэрутIыпщ псэущхьэхэм (хьэхэм) яхьэлIа Iуэхухэр зэрагъэзэщIэнымкIэ, антирабическэ хущхъуэхэр зыIэрагъэхьэнымкIэ бюджет ассигнованэр хэгъэхъуэным теухуа упщIэр.

Вице-спикер Чеккуев Хъызыр къыхигъэщащ къаIэта Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи къыхилъхьащ абыхэм нэхъ убгъуауэ хэплъэну, КъЧР-м и Правительствэмрэ Парламентым и комитетхэмрэ я лIыкIуэхэр хэту.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

Лъэпкъ проектхэр

## Илъэсым и лэжьыгъэр

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм и Правительствэм хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ муниципальнэ къэхъугъэхэм я Iэтащхьэхэр. Ар теухуауэ щытащ федеральнэ программэхэмрэ лъэпкъ проекthэмрэ ди хэгъуэгум зэрыщагъэзащIэм, 2025 гъэм ялэжьахэми тепсэлъыхьахэщ.

«Мы илъэсыр мыхьэнэшхуэ зиIэу икIи купщIафIэу щытащ. Ди къэралым и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къагъэщIа лъэпкъ проектхэм я унэтIыныгъэхэр догъэкIуатэ. Апхуэдэу, узыншагъэр хъумэнымкIэ бэзыр идогъэфIакIуэ, къэралыр зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэмкIэ егъэджэныгъэ программэщIэхэр дутIыпщащ, унагъуэмрэ сабий къэхъухэр нэхъыбэ щIынымрэ хуаунэтIа «Унагъуэ быныбэ» федеральнэ проектыщIэр гъэзэщIэным иужь дихьащ, къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн дахуохъу.

КъинэмыщIауэ, «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектым ипкъ иту гъуэгухэр идогъэфIакIуэ, коммунальнэ IуэхущIапIэхэр, псэупIэхэр доухуэ.

Гулъытэ хэха худощI къуажэхэм загъэужьыным, щIыуэпс зэIузэпэщыныгъэмкIэ лэжьыгъэхэр зэпыукъым», — МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым республикэм и лIыщхьэм щитхащ.

ЗэIущIэм хэтахэр къытеувыIащ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм. ИужькIэ Темрезов Рэшид унафэ яхуищIащ пщэрылъхэр фIагъ иIэу, игъуэу ягъэзэщIэну.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

«Эфир занщIэ»-м ипкъ иту

## Гулъытэ игъуэтынущ

УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ Чайка Юрий видео-конференц щIыкIэм тету Урысейм и Президентым и приемнэу Къэрэшей-Черкесым щыIэ IуэхущIапIэм зыкъыхуэзыгъэза цIыхухэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ.

Апхуэдэу, Кавказскэ къуажэдэс Аджиевэ Айшат жылэм дэт «Улыбка» сабий IыгъыпIэр зэгъэзэхуэжын зэрыхуеймкIэ упщIэр къиIэтащ.

Полпредым бзылъхугъэм хъыбар иригъэщIащ Урысейм и Президентым и унафэкIэ, 2025-2027 гъэхэм Къэрэшей-Черкесым ит сабий IыгъыпIэ 14-м зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынумкIэ, ахэр зыхуэныкъуэ оборудованэкIэ къызэрызэрагъэпэщынумкIэ.

Проектым ипкъ иту, Кавказскэ къуажэм дэт «Улыбка» сабий IыгъыпIэр зыхуей хуагъэзэнущ 2026 гъэм.

**Ди корр.**

СВО

**Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я Комитетыр къызэрагъэщIрэ илъэсищ ирокъу. КъулыкъущIэхэм я анэхэм я жэрдэмкIэ 2022 гъэм къызэрагъэпэща къулыкъущIапIэм ди къэралым и цIыху жыджэр мини 10-м щIигъу къызэщIеубыдэ.**

## ЗауэлIхэм я щIэгъэкъуэнхэр

Комитетым и Къэрэшей-Черкес къудамэр республикэм и Правительствэмрэ муниципальнэ къэхъугъэхэмрэ купщIафIэу ядолажьэ, къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI.

Илъэсищ пIалъэм къриубыдэу, Комитетым и Къэрэшей-Черкес къудамэм зыхуэгъэзэныгъэ 2600 -м щIигъу къыIэрыхьащ, нэрыбгэ 240-м психологическэ дэIэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэтащ. СВО-м хэт зауэлI 30-м я унагъуэхэм кIуэурэ, зыхуэныкъуэхэмкIэ зыщIагъэкъуащ. КъинэмыщIауэ, гъунапкъэхъумэ щIыпIэхэм, зэуапIэхэм Iут ди щIалэхэм гуманитар дэIэпыкъуныгъэ зэпымыууэ хурагъашэ.

«Комитетым и республикэ къудамэм и унафэщI Анушко Аидэрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхузощI я гуащIэдэкI хахуагъэмрэ я псэ къабзагъэмрэ папщIэ! Организацэм и къару нэхъыщхьэр — абы зауэлIхэм я щхьэгъусэхэр, шыпхъухэр, анэхэмрэ анэшхуэхэмрэ зэрахэтращ. Фэ нобэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зи къалэнхэр зыгъэзащIэ ди щIалэхэм фрищIэгъэкъуэн пэжщ. Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, къару, зэIузэпэщыныгъэ фиIэну, фи Iуэху щхьэпэм, псапэ зыпылъым дяпэкIи ехъулIэныгъэ щызыIэрывгъыхьэну!», — республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид МАХ-м щитхащ.

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

Псапащ Iэ акцэм къикIыу

"Копилка Победы"

## Ди блыпкъ зэгъэкъуауэ

**ЩэкIуэгъуэм и 19-м КъЧР-м хыхьэ муниципальнэ къэхъугъэ къэс щекIуэкIащ #МыВместе Урысейпсо акцэр. СВО-м хэт зауэлIхэм, абыхэм я унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунымкIэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид егъэщIылIауэ лажьэ хэгъуэгу Штабым и дэIэпыкъуныгъэкIэ ирагъэкIуэкIащ «Копилка Победы» псапащIэ концертхэр.**

Черкесск къалэм акцэр къыщызэрагъэпэщащ щэнхабзэмкIэ Унэм. ИпэкIэ щыIа псапащIэ Iуэхугъуэхэми КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIам, жыджэру зэрыпыкъуэкIам тету, мызыгъуэгуми акцэм лъэщтэгъушхуэ хуэхъуащ.

ПсапащIэ акцэм хэтахэм лъэкIыныгъэ хьэлэмэт яIащ иджыри зэ я дэIэпыкъуныгъэ Iэпэр ди зауэлIхэм хуашиинымкIэ: хуейм и сом такъыр ашычым иридзащ, нэгъуэщIым гуманитар дэIэпыкъуныгъэр здызэхуахьэс щIыпIэ гъэнэIуам ирихьэлIащ, сабийхэм я IэрыщI сурэтхэмрэ псалъэ гуапэхэмкIэ гъэнщIа я тхыгъэхэмрэ ашыч щхьэхуэм ирадзащ.



ПсапащIэ концертым къекIуэлIахэм захуигъазэу, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб жиIащ:

— ИкъукIэ гуапэ мэхъу акцэм мыпхуэдиз цIыху къызэрыпэджэжар, псапащIэ концертым мы пэшышхуэм щIэз къызэрекIуэлIар. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ зауэлIхэм дакъуэувэну, защIэдгъэкъуэну дызэрыхьэзырым. Шэч къытесхьэкъым, ТекIуэныгъэр я Iэрылъхьэу, куэд мыщIэу къытхыхьэжынущ ахэр!

Къалэм и мэрым къыбгъэдэкIыу къызэхуэсахэм захуигъэзащ мэрым и япэ къуэдзэ Акбаев Ачмэз.

— Нобэ ди къалэм, зэрыреспубликэу иджыри зэ игъэлъэгъуащ ди зэкъуэтыныгъэ быдэр. Мыбдеж дыщыIэхэм зэуапIэм Iутхэм ядгъэлъагъун, янэтхьэсын хуейщ быдэу дазэрыкъуэтыр, гукIи-псэкIи дазэрыщIыгъур. КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къихьа унафэ быдэм теткIэрэ, СВО-р зэрыщIидзэрэ зауэлIхэми я унагъуэхэми мыувыIэу далъогъуазэ, дадоIэпыкъу. Хэти хузэфIэкI хэлъхьэныгъэ хуещI ТекIуэныгъэм. Аракъэ, атIэ, цIыхубэ, къуэш зэкъуэтыныгъэр?! — жиIащ Акбаевым.

СВО-м хэта, КъЧР-м и Парламентым и депутат Гусхэ Замир республикэм и Iэтащхьэми, ЦIыхубэ ЗэIущIэми, республикэм щыпсэу псоми фIыщIэ яхуищIащ нобэ зи унагъуэхэм имыс, зэуапIэ хьэлъэр унэ зыхуэхъуа ди щIалэхэм ирагъэгъуэт гулъытэмрэ дэIэпыкъуныгъэмрэ папщIэ. Къыхигъэщащ ди республикэм хуэдэу а дэIэпыкъуныгъэр здызэпымыу, здэберычэт зэрыгъуэтыгъуейр.

— Апхуэдэ щытыкIэм, дэIэпыкъуныгъэ къэс ди зауэлIхэр нэхъри егъэгушхуэ, псэ быдагъэр къахелъхьэ. СВО-м сыкъыщыхэкIыжам, сэри, сэр хуэдэ зауэлIхэри, дегупсыст «сыт иджы тщIэнур, мыпхуэдэ фэбжьхэр ттелъу сытым дыхуэгъэщIа?» Хуабжьу къытщхьэпащ программэ, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Псом япэу къыхэзгъэщынт «Герои КЧР» лэжьапIэ къэгъуэтынымкIэ программэр. СпортымкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, щэнхабзэмкIэ хэгъуэгу Министерствэхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI СВО-м къыхэкIыжа ветеранхэм ягухэр къэIэтыным, IуэхукIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ икIи, пэж дыдэу, ар хуабжьу сэбэпышхуэ мэхъу, —



къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Замир.

ПсапащIэ пшыхьыр къызэрымыкIуэу гъэнщIауэ, дахэу екIуэкIащ. Балигъхэри, сабийхэри утыкум къихьащ уэрэдхэмкIэ, къафэхэмкIэ. Пшыхьым и кIэух гъуэзэджэ, Iуэхум и джэрпэджэж хъуащ «Кавказ» къэфакIуэ гупым игъэзэщIа, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр фащэхэмкIэ зыгъэнаIуэ къафэр.

«... *Псори дызэщIыгъуу,*
*Ди блыпкъ зэгъэкъуауэ,*
*Бийм едмытын ди къэралыр*!» — уэрэдым хэт псалъэхэр псапащIэ акцэм и купщIэ хъуащ.



Урысейпсо акцэм къыхэкIа ахъшэхэри, гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэри зауэлIхэм икIэщIыпIэкIэ Iэрагъэхьэнущ!

**ТУАРШЫ Ирэ**

«Эфир занщIэм» кърикIуэу

## ГъуэгущIэ хутралъхьэ



**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид ди хэгъуэгум щыпсэухэм «Эфир занщIэ» щадригъэкIуэкIам Жьакуэ къуажэм щыщ, зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэ Бахътыр Мэрят кIэлъыплъ, зезыхьэ и анэ Земфирэ зыкъыпищIэри къелъэIуауэ щытащ къыдэIэпыкъуну.**

Абы и тхьэусыхэр хуэгъэзауэ щытат зыдэс Подгорнэ уэрамым гъуэгу тэрэз зэрытемылъым, и пхъум дохутырхэр къыщыхуриджэкIэ, медицинэ машинэр я куэбжэм тэрэзу зэрыIумылъэдэфым.

Жьакуэдэс бзылъхугъэм республикэм и Iэтащхьэр зэуэ пэджэжащ дэIэпыкъуэгъуншэу къызэрамыгъэнэнумкIэ икIи Хьэбэз районым и унафэщIхэм пщэрылъ яхуищIащ фызым лъыгъуазэу, икIэщIыпIэкIэ зыхуейр хуащIэну. Апхуэдэу, блыщхьэ кIуам Земфирэ и Iуэхум гулъытэ зэригъуэтамрэ и хьэблэм гъуэгу зэрыхутралъхьэнумрэ жраIэн я мураду и деж щыхьэщIащ Хьэбэз районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Сатушы Муратрэ Жьакуэ къуажэм и Iэтащхьэ Хьэщкъуей Русланрэ.

Властым и лIыкIуэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, мы гъэр имыкI щIыкIэ Земфирэ зытес хьэблэм асфальт щагъэтIылъынущ метр 500 и кIыхьагъыу. Абы къинэмыщIауэ, хьэблэ дэлъэдапIэр зэпиупщIу джабэмкIэ къежэх псынэми бжьамий щыщIалъхьэнущ, псыдзэ къыщыхъукIэ, псэупIэхэм псыр якIэщIэмылъадэу лъэныкъуэ иригъэзын, гъуэгур имылъэсын папщIэ. Гъуэгущхьэр ягъэузэхунущи, и щIыфэр пкъыгъуэщIэкIэ ягъэбыдэжынущ.



Земфирэ муниципалитетым къикIыу къыхуэкIуахэм яжриIащ Мэрят район сымаджэщым щишэкIэ гугъу зэрехьыр. Ар щIэлъэIуащ Iэмал гуэр щыIэххэмэ транспорткIэ зыкъыщIагъакъуэу и Iуэхур хуагъэпсынщIэну.

Сатушы Мурат анэ гумэщIар къигъэгугъащ Хьэбэз районым щыпсэухэм социальнэ хуэIухуэщIэхэр ягъэгъуэтынымкIэ Купсэм егъэбыдылIа транспортымкIэ и пщащэр сымаджэщым яшэкъашэжу зэрыхуигъэпсынымкIэ.

«Дэ хуабжьу дрогуфIэ Бахътыр Земфирэ и лъэIум гулъытэ зэригъуэтам, абы ипкъ къикIкIэ ди къуажэм и уэрамым гъуэгущIэ зэрыщагъэтIылъынум. Ухуэныгъэхэр яублагъэххэщ Мэшыкъуэ Борис и лэжьакIуэ гупым. А ухуакIуэхэр зи Iэщ Iагъэм фIыуэ хэзыщIыкIщ, я пщэ илъыр нэгъэсауэ зыгъэзащIэщ. Уэрам Iэджи тхуащIащ абыхэм. Бульдозерхэр, экскаваторхэр къахури къагъэуващ, КАМАЗ-кIэ мывэкIэщхъ къашэри кърахIутащ. Дыпоплъэ гъуэгущIхэм псынщIэу икIи фIагъ хэлъу Iуэхур щызэлъэщIагъыхьэнум», — жиIащ Жьакуэ къуажэм и Iэтащхьэм.

**ЛЫХЬ Тимур**

ДифI догъэлъапIэ — Юбилей

**Къэрэшей — Черкес Республикэм и журналист жылагъуэм зи IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъкIэ къыхэщ печать журналист нэхъыфIхэм ящыщщ, къапщтэмэ, а творческэ лэжьыгъэм гуащIэшхуэ хуэзыгъэтIылъа, ноби гуакIуэу, Iущыцэу, щапхъэгъэлъагъуэу зи пщэрылъхэр зыгъэкIуатэ КИЛБЭ (Къурашын) Светланэ Борис и пхъур**.

# Журналистым и гъащIэ насыпыфIэр



Творческэ журналист зэпеуэм текIуэныгъэр къыщихьауэ. 2023 гъэ

Къапщтэмэ, иджыри ныбжьыщIэ дыдэт, илъэс 24-рэ хъуа къудейт, хэгъуэгум и телевизионнэ журналистикэ утыкум щиувам, бгъэдэлъ зэчийр къыщыунэхуам. Абы лъандэрэ, мис, илъэс 25-м щIигъужащи, зэгуэр и псэр зыбгъэдэзышауэ щыта IэщIагъэм пэIэщIэ зыхуищIкъым, уеблэмэ нэхъри дехьэхыж мыхъумэ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэми творческэ бгъэдыхьэкIэ лъагэ хузиIэ Светланэ къызэрымыкIуэу гумызагъэщ, и пщэрылъхэм узыфIэмыкIыжыну жэуаплыгъэ ин хэлъу бгъэдохьэ, хэкупсагъ-лъэпкъыпсагъыу, щыпкъагъэу хэлъыр щапхъэгъэлъагъуэ хъуфынущ.

Журналист IэщIагъэм, а лъэныкъуэгъазэмкIэ Светланэ нобэ игъуэта IэкIуэлъакIуагъым зэрыхуэкIуам и гугъу пщIымэ, абы къежьапIэ хуэхъуар, дауи, Ставрополь къэрал университетращ. А ищхьэ еджапIэм журналистикэмкIэ и факультетыр фIагъ лъагэ хэлъу къызэзынэкIа пщащэм и гуащIэдэкI лэжьыгъэм щрегъажьэ республикэм къыщызэIуахагъащIэ «Карачаево-Черкесия» ГТРК-м. Абы къыкIэлъокIуэ Iуэху зэхэщIыкI зэзыгъэгъуэта журналистым и гуащIэ здыщигъэтIылъа, «День республики» правительствэ газетым корреспонденту щылэжьа илъэс бжыгъэфIри. Зыбгъэдэт IэщIагъэм фIыщэу хэзыщIыкI, ерыщагъэрэ жэуаплыгъэ инрэ зыхэлъ, зыхуигъэувыжа къалэныр зэфIэхыным къикIуэт имыщIэу хуэкIуэ журналист нэхъусам и гуащIэдэкI лэжьыгъэр къыщыхэщащ «Ставропольские губернские ведомости» газетми.

...Теленэтын зыгъэхьэзырыну щIэхъуэпс Светланэ япэ дыдэ и лэжьыгъэм здыпэрыувар игу къигъэкIыжкIэрэ, къыхегъэщ апщыгъуэм республикэм телекомпанитI лажьэу зэрыщытар: «Карачаево-Черкесия» ГТРК-мрэ «НТР»-мрэ (республикэм и цIыхубэ телевиденэ).

— СощIэж, апщыгъуэм зыхуэзгъэзауэ щыташ НТР-м и унафэщIу тета журналист цIэрыIуэ Гъуэщокъуэ Инал. ИкIи, и арэзыныгъэ къызитри, Инал и фIыщIэкIэ, практикант лэжьыгъэ пщэрылъыр згъэзэщIэным сыпэрыуват. Зэуи гъусэ сыхуищIат иужьым лэжьэгъу сызыхуэхъуа Щымырзэ Назирэт. Ар телевиденэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щылэжьэххэти, набдзэгубдзаплъэу сыкIэлъыплъащ абы и лэжьыгъэм, теленэтын гъэхьэзырыкIэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм сымыгузавэу, тегъэчынауэ сыщызгъэгъуэзащ. Иужьым, Назирэт къалэн къысхуигъэуващ гимнаст ныбжьыщIэ цIыкIум, хэгъуэгу зэхьэзэхуэм щытекIуам, зэпсэлъэныгъэ дезгъэкIуэкIыну. Арат сюжетым и «лIыхъужь» нэхъыщхьэр.

Къысхуагъэува къалэныр зыгурызгъаIуэри, сыпэрыуващ. ЖысIэнщи, лэжьыгъэм зэуэ сыхилъасэри, зыкIи къызэгугъуэкIауэ щытакъым. Нобэ хуэдэу соцIыхуж тележурналистым и Iэщэ нэхъыщхьэр — микрофоныр, япэ дыдэ щызгъэIэрыхуауэ щытари, апщыгъуэми си гум щыхъари... Уи щIыбагъ дыдэм къыдэтщ жьыр зэрыдэпшейр зыхищIэ къыпфIэщIу, телекамерэр, ар зезыгъакIуэ операторыр. НэкIэ узэгурыIуэу узэдолажьэ. Жэуаплыгъэщ уи пащхьэ ис сабий дыдэм и гупсысэр утыку къребгъэхьэныр. Сабиймрэ балигъымрэ зэрызахуэбгъазэр зэхуэдэкъыми, ари зэхэбгъэкIыпхъэщ. И жэуапхэм езы нанум и дунейр къимыгъэлъагъуэмэ, узэпсэлъар къыбгурымыIуауэ аращ...

Апщыгъуэм Iуэху зэхэщIыкI зиIэ си унафэщIхэм, къысщхьэщытахэм, къыскIэлъыплъахэм жаIащ си къалэныр ехъулIэныгъэ хэлъу згъэзэщIауэ, си лэжьыгъэр къызэхъулIауэ. Сюжет цIыкIуи сщIыжат», — игу къегъэкIыж ди лэжьэгъум.

Журналистым и лэжьыгъэр фIагъ хэлъу зэригъэзэщIам и нагъыщэт етIуанэ махуэм Къурашын Светланэ телекомпанием щылэжьэну зэрырагъэблэгъар. Ар пщащэ гурыхуэм и журналист гуащIэдэкIым и къежьапIэ насыпыфIэ хъуащ. АтIэ, мыбдежращ тележурналист Къурашын Светланэ зыщиужьари, Iуэху зэхэщIыкI ин щигъуэтари, нэхъыфIхэм зарипщытурэ, и творческэ гъуэгуанэ купщIафIэр ипэкIэ щыкIуэтари.

И гугъу дымыщI хъункъым пщащэм и къежьапIэм. ЕтIощIанэ лIыщIыгъуэхэм Светланэ и адэ Къурашын Борис и унагъуэр зэхэзехуэныгъэхэм хэхуэри, Ику Ит Азием къыщыхутауэ щыташ. Унагъуэр апщыгъуэм зэзышэлIар сыбыр бзылъхугъэт...

ЗдаунэтIам здэкIуэм Борис и шынэхъыжь Къетбий и лъакъуэр щIыIэм писыкIри, къахуемыгъэлыным нэсауэ гужьеигъуэ хъуат. Ауэ, а сыбыр-бзылъхугъэм, Светланэ зи цIэм, цIыхубэ IэзэгъуэкIэ щIалэщIэм и лъакъуэр кърегъэлауэ щыташ.

1975 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Борис пщащэ цIыкIу къыщыхуэхъум, Къетбий абы «Светланэ» фIаригъэщащ, ажалым къезыгъэла, и лъакъуэр зыгъэхъужа сыбыр бзылъхугъэ цIыкIум и щIыхькIэ.

Къапщтэмэ, Борисрэ и щхьэгъусэ Лизэрэ къащIэхъуауэ, Светланэ зы шыпхъу закъуэщ къыдалъхуауэ иIэр – Ася. Тхьэм зэкIэримыххэкIэ!

Телевиденэм щылажьэу, 2004 гъэм Светланэ унагъуэ дищIащ Килбэ Артур икIи зэщхьэгъусэхэр, уаззрехъуэпсэну, къуэбын-щэбын хъуащ, пхъуитIрэ къуитIрэ къащIэхъуащ. Артур федеральнэ автомобиль гъуэгухэмкIэ «Кавказ» Управленэм и Къэрэшей-Черкес къудамэм илъэс куэд хъуауэ щолажьэ.

Тележурналистикэм илъэс бжыгъэкIэ зи гуащIэ щызыгъэтIылъа Светланэ 2008 гъэм и лэжьапIэ IэнатIэр ехъуэж, «День республики» газетым и гъащIэр ирепх. ИкIи, мис, илъэс 17 хъуащи, зы махуи емыпцIыжауэ печать журналистикэм и Iуэху зэхэщIыкI щегъэтIылъ.

МащIэкъым Урысейм и журналистхэм я Союзым хуэфащэ дыдэу хагъэхьа Светланэ щIыхь, фIыщIэ тхылъу и псэемыблэж гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыпэкIуауэ къыхуагъэфэщар. Абыхэм ящыщщ урысейпсо, хэгъуэгупсо, республикэпсо журналист зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр зэрыщиубыдахэри.

«Карачаево-Черкесия» ГТРК-м щылэжьами, нобэ и гуащIэр здыщигъэтIылъ «День республики» газетми и лэжьыгъэ къалэнкIэ Урысей Федерацэм, Ищхъэрэ Кавказым, Къэрэшей-Черкесым и цIыху цIэрыIуэ куэдым зэпсэлъэныгъэ ядригъэкIуэкIын и насып къихьащ. АтIэ, и тхыгъэхэм я лIыхъужьхэм ящыщщ IэнатIэ лъагэ зыIыгъ къэрал политик цIэрыIуэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, еджагъэшхуэхэр, лэжьакIуэшхуэхэр. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Вагинэ Татьянэ – УФ-м и Президентым лъэпкъ политикэмкIэ департаментым и Управленэм и унафэщIыр; Адыгэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дохутыр цIэрыIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Борсэ Мухьэмэд; Ипщэ, Ищхъэрэ Кавказым я лIыщхьэхэу КъумпIыл Мурат, КIуэкIуэ Казбек, Меняйло Сергей сымэ; цIыхубэ IэщIагъэм и IэпщIэлъапщIэ Еутых Ася; осетин IэщэщI Алборэ Аслъэн; урысей - совет футбол гъэсакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Гадзаев Валерий; медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, урысейсовет хирург цIэрыIуэ, жылагъуэ Iуэхузехьэ Рошаль Леонид; ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий; УФ-м ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь, Ищхъэрэ Кавказ Республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, АР-м и тхакIуэхэм я Союзым и тхьэмадэ МэшбащIэ Исхьэкъ; псапащIэ Iуэхузехьэ, «Хьэбэз жыпс завод» ОАО-м и генеральнэ унафэщI Аргун Олег, нэгъуэщI куэд дыди.

ЗэрыжиIэмкIэ, а къебжэкIым цIыху цIэрыIуэ щитхум зэрынэхьэсым я цIэ къыщипIуэфынущ.

Килбэ Светланэ и гугъу щыпщIкIэ, псоми хуэмыдэжу къэгъэлъэгъуапхъэр, зи гугъу щIыпхъэр ар адыгэ-абазэ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам гу къабзэ-псэ къабзэу зэрыхуэлажьэращ, лъэпкъитIми я щIыхьыр иIэту, игъэлъапIэу гуащIэ зэригъэтIылъращ. Светланэ къызэрымыкIуэу хэкупсэ-лъэпкъыпсэщ. Ди республикэм щекIуэкI лъэпкъ Iуэхуми, нэгъуэщI хэгъуэгухэм щызэхашэхэми сыт щыгъуи журналист жыджэрыр и курыкупсэм яхэтщ.

Ди республикэм щрагъэкIуэкI лъэпкъ Iуэхухэм ар зэрыхэлэжьыхьыр Iуэху щхьэхуэщ — гумызагъагъ ин хэлъу, и псэри игури яхуегъэтIылъ къызыхэкIа, зыпIа лъэпкъхэм. Ауэ щытыр, Iуэху ищIэмэ, пщэрылъ хуэпщIамэ, ар зэрызэфIихынур фIым я нэхъыфIущ. Жэуаплыгъэ нэс ихьу сыт хуэдэ лэжьыгъэми бгъэдохьэ. Ар къыхалъытэкIэрэщ мы махуэхэм Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкIа ФIыщIэ тхылъкIэ Светланэ и цIэр къыщIраIуар...

ЗэрыIэщIагъэрылажьэ нэхъусам къыдэкIуэу, бзылъхугъэм хэлъын хуей гу щабагъри, псэ IэфIагъри, хьэлэлыгъэри, псапэ щIэнри къобэкI, ахэр хуэныкъуэм ялъегъэIэс.

И гум щыхъэ дахагъэм и зы нагъыщэщ Светланэ усэ тхынри къызэрымыкIуэу къызэрехъулIэр. Абыхэми къыхощ журналистым и псэм и кууагъыр, гумащIагъыр, фIылъагъуныгъэр. Къапщтэмэ, ахэр зи гъэлъэгъуэныгъэр – Светланэ творческэ гупсысэ ин зыбгъэдэлъу зэрыщытращ. Псоми я щхьэжщ ар зэрыныбжьэгъу щыпкъэр.

ПхужыIэнукъым Светланэ гугъуехьыншэу, лъэпощхьэпоуншэу и дунейр кIуатэу. Гугъуехьу хурикъунт абы и анэ дыщэм и узыншагъэмкIэ псэ зэпылъхьэпIэ щытыкIэм щихуар. Арами, къикIуэтакъым. ХузэфIэкI ищIащ и анэр къригъэлынымкIэ... Апщыгъуэми а бзылъхугъэ цIыкIум къызыкъуиха хахуагъэр пхуэмыIуэтэнщ. ИкIи, сыт хуэдэ щытыкIэм дежи зи къару щыгугъыж цIыхуу дунейм тет си ныбжьэгъу щыпкъэм сытри тыншу хузэфIокI, къохъулIэ.

Нэхъыщхьэу Светланэ зыгъэпIейтейхэм ящыщщ къызыхэкIа, зыпIа лъэпкъхэм, абыхэм я щIалэгъуалэм я къэкIуэнур. ИкIи, къапщтэмэ, и дэтхэнэ Iэрытхми къыщыхощ ар зытегузэвыхь лъэныкъуэгъазэхэр, хьэлэмэтхэр. Светланэ и тхыгъэ къэс гъэнщIащ хэгъуэгури, лъэпкъхэри, цIыху къызэрыкIуэхэри зыгъэгузавэ упщIэхэмкIэ, ахэр зэрыIугъэкIуэтыпхъэ IэмалхэмкIэ... Езым зелъытэж хуабжьу насыпыфIэу.

«ЦIыху къызэрымыкIуэхэм сыт щыгъуи сыкъаухъуреихь, си гур хагъахъуэ, сагъэгушхуэ. Си унагъуэри апхуэдэщ. Насыпщ дэтхэнэ лъэныкъуэкIи ущехъулIэкIэ!

Журналистикэр — си гъащIэ псо гъуэгуанэщ, арыншэу сыпсэунуи си нэгу къысхущIэгъэхьэкъым!», — къыддогуашэ ди лэжьэгъу бзылъхугъэ гуапэ цIыкIур.

Гухэхъуэщ икIи насыпщ апхуэдэ цIыху щыпкъэ лъэпкъым къыхэкIыныр... Сыхуейщ си ныбжьэгъу пэжым, си лэжьэгъу зэчиифIэ Килбэ Светланэ сыхуэхъуэхъуэну и IэщIагъэкIэ зыужьыныгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ щымыщIэну!

И гумрэ и псэмрэ хэзыгъахъуэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи къебэкIыу, гу къабзэу къыбгъэдэтхэр и куэду, езыри, и анэри, къыдалъхуахэри, и унагъуэм щIэсхэри узыншэну Тхьэм жиIэ!

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

ЕджапIэ театр

# Лъэныкъуэ куэдкIэ зэчиифIэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕСЫМ еджакIуэхэр гъэсэнымкIэ бэзым жыджэру зыщеужь. Апхуэдэ унэтIыныгъэхэм ящыщ зыщ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэр къызэкъуахыным, я творческэ лъэкIыныгъэхэм загъэужьыным, хэкупсэу гъэсэным, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, тхыдэм пщIэ хуащIу къэгъэтэджыным щхьэпэ театр лэжьыгъэ унэтIыныгъэхэр.

Республикэм еджапIэ театрхэр къыщызэрагъэпэщу щIадзащ 2022 гъэм. Апхуэдэ жэрдэмыр ирагъэжьащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Сабий къэс и ехъулIэныгъэ» федеральнэ проектым ипкъ иту, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ. Ди хэгъуэгум ит еджапIэхэм къыщызэрагъэпэщащ икIи ехъулIэныгъэ иIэу мэлажьэ еджапIэ театри 160-рэ. Ахэр еджапIэ театрхэм я Урысейпсо реестрым хагъэхьащ. НобэкIэ а Iуэхум хэтщ лъэныкъуэ куэдкIэ зэчиифIэ еджакIуэ мини 6,8-м нэс.

ЦIыкIухэм загъасэ «Искусство театра» унэтIыныгъэмкIэ, урысейпсо, хэгъуэгу дауэдапщэхэм жыджэру зыкъыщагъэлъагъуэ, «Живая сцена» муниципальнэ, республикэ Iыхьэхэм еджакIуэ 3000-м щIигъу хэтщ.



ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-мрэ Хэкум и хъумакIуэм и Илъэсымрэ япкъ иту, еджапIэ театрхэм ныбжьыщIэхэр щагъэгъуазэ ди Хэкум и хъумакIуэхэм я лIыхъужьыгъэм, ди нэхъыжьхэр иригушхуэу ягъасэ.

Ди ныбжьыщIэхэм творческэ пшыхьхэр щрагъэкIуэкI сабий зэчиифIэхэр къыщIэгъэщынымкIэ республикэ Купсэмрэ КъЧР-м и урыс драмтеатрымрэ.

**Ди корр.**

ДэIэпыкъуныгъэ

# Президентым ищIа пщэрылъхэмкIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ищIа пщэрылъхэм я къэухьым иту, адэкIи пащэ СВО-м и ветеранхэм, зауэ операцэ хэхам хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ я унагъуэхэмрэ лъэныкъуэ псомкIи ядэIэпыкъуныр.

Хэкум и хъумакIуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ республикэм и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм хэшэныр къызэгъэпэщынымрэ абыкIэ щыIэ лъэкIыныгъэхэр нэхъ фабгъуэ щIынымрэ я лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI «Защитники Отечества» къэрал фондым Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэм.

Мы хьэрычэтхэр зэфIагъэкI Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм, республикэм и муниципальнэ къэхъугъэхэм, жылагъуэ организацэхэмрэ волонтер зэщIэхъееныгъэхэмрэ ящIыгъуу.

А Iуэхухэм я къэухьхэм иту, иужьрей илъэситIым СВО-м и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ папщIэ ирагъэкIуэкIащ хэкупсэ, щэнхабзэ-зыгъэпсэхугъуэ дауэдапщэ 200-м щIигъу.

Гукъинэж хъуа апхуэдэ къэхъугъэхэм ящыщщ Карелием, Санкт-Петербург, Москва, Казань, Екатеринбургрэ Нижнэ Новгородрэ зекIуэ къызэрызэрагъэпэщар, СВО-м и ветеранхэм я гъусэу Волгоград и Мамаев Iуащхьэм уэздыгъейхэр зэрыщыхасар, спорт зэпеуэ зэхуэмыдэхэмрэ псэкупсэ - узэщIыныгъэ зекIуэхэмрэ зэрызэхашар.

А кIуэрабгъухэмкIэ лэжьыгъэхэм адэкIи пащэнущ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ лIыхъужьхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрыдэIэпыкъур, зэрапылъыр дапщэщи зыхащIэным.

**Ди корр.**

Экстремизмэм пэщIэту

# КъэкIуэныфI диIэнущ, дымыбэлэрыгъмэ...

**Экстремизмэм тепщэгъуэр имыIыгъыу, ар дэри, ди бынхэми къыднэмыIэсу дыпсэун папщIэ жылагъуэм ищIэн хуейм мащIэрэ ирипсалъэкъым къэрал унафэщI къулыкъухэри, жылагъуэ Iуэхузехьэхэри, КъЧР-м и МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и Купсэм и лэжьакIуэхэри.**

Нобэ, зи щхьэ хуэпэжу, жылагъуэм фIы къыхуэзыхьу псэухэр гугъу ирагъэхь экстремизмэм Iэпхлъэпх зезыгъэщIа, зигу бзаджагъэ фIэкI имылъу дунейм къытена цIыху икIэхэм. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэщ ди къэралми, хэгъуэгу щхьэхуэхэми я жылагъуэ-политикэ щытыкIэхэр къутэныр икIи, хамэ къэралхэм я къулыкъу хэхахэр зыдагъэIэпыкъукIэрэ, Урысейм ныкъуэкъуэгъуи бии къыхуэхъуфын нэрыбгэхэр къэгъэтэджыныр.

Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэр къэтщтэнщи, экстремистхэм зэран къызэрыхуахьам иритхьэусыхэу абыхэм ящыщ куэдым махуэ къэс дрохьэлIэ телевизоркIи, интернеткIи. Нэхъыбэу хаубыдыкIыу, тегушхуэгъуафIэ ящIу тлъагъури балигъыпIэм имыува, ери фIыри нэгъэсауэ тыншу зэхэзымыгъэкIыф щIэблэщIэращ.

Дэ, балигъхэм къытщIэтаджэ щIэблэр дгъэсэным, дыущииным ипIэкIэ, Интернетымрэ гаджетхэмрэ я анэмэт тщIауэ, зэман зэрагъакIуэри, зыдагъакIуэри къызэрытфIэмыIуэхужым гу лъыттэжкъым инэхъыбэм, «фызыхуейр яфщIэ» жытIэри, ди быныр хабзэкъутэ Iэмэпсымэу щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэтлъхьащ.

ГъэпцIагъэм, диверсиемрэ терроризмэмрэ яхьэлIауэ щIалэгъуалэм ИнтернеткIэ Iуэху пхэнжхэр ирагъэгъэкIуатэкIэрэ ахъшэ кърагъэлэжь экстремистхэм. Мис аращ шынагъуэ дыдэр, иджыри гъащIэ зэхэщIыкI нэс зимыIэр сомкIэ къагъэделэурэ, щыхупIэм зэрырашалIэр.

Ди мессенджерхэмрэ социальнэ зэпыщIапIэхэмрэ Iэджэрэ къытхуокIуэ дзыхь зыхуэпщI мыхъун SMS-хэр. БзаджащIэхэр пылъщ ди аккаунтхэмрэ банк картэхэмрэ къащэхуу, ди дэфтэрхэм ит бжыгъэхэр къаутIэсхъыну, икIэм-икIэжым, зыхуейр ягъуэта нэужь, «хьэуэ» яжетIэн дыхуимытыж дащIу, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я курыкупсэм дыкъранэну. Апхуэдэу ахъшэ къэзылэжьыр ауи егупсыскъым хабзэхъумэ къулыкъухэр и ужь къихьэу, уголовнэ жэуаплыгъэ зэрырагъэхьэнум.

АтIэ, пэжыр жыпIэмэ, мащIэщ егупсысыр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ яхьэлIа щIэпхъаджагъэхэр нэхъ Iей дыдэу щыIэ хабзэкъутэныгъэхэм зэрыхабжэм, абы хьэпсэ къызэрыпэкIуэм. Жагъуэ зэрыхъущи, щIэпхъаджагъэуи хабзэкъутэныгъэуи Интернетым къыщыхъум и бжыгъэм гъэ къэс хохъуэ.

Псалъэм папщIэ, КъЧР-м и МВД-м экстремизмэм пэщIэтыныммкIэ и Купсэм и лэжьакIуэхэм иужьрей мазибгъум Интернетыр щыщIаплъыкIам хабзэкъутэныгъих къыщIагъэщащ а ягъэм къигъэхъеяуэ. Абыхэм ящыщщ УФ-м и УК-м и 354.1-нэ статьяр (Нацизмэр къехьэжьэжын), УФ-м и УК-м и 207.3-нэ статьяр (Урысей Федерацэм IэщэкIэ Узэда и Къарухэр къагъэщхьэпэурэ хъыбарыпцIхэр хэIущIыIу щIын), УФ-м и УК-м и 280-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэр (Экстремизм Iуэхухэр гъэкIуэтэным щхьэихауэ къыхуеджэн), УФ-м и УК-м и 207-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэр (Терракт къызэрыхъунум теухуауэ пцIы упсын), УФ-м и УК-м и 282.2-нэ статьям и етIуанэ Iыхьэр (Экстремист организацэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщын икIи гъэкIуэтэн).

А псом къинэмыщIауэ, мы гъэм экстремизмэмкIэ административнэ хабзэкъутэныгъэу 33-рэ ягъэбелджылащ, ахэр зыIэщIэщIа дэтхэнэри жэуаплыгъэм ирашэлIащ. Интернетым зэман куэд тезыгъэкIуадэ ди хэкуэгъухэм хъыбарегъащIэу 164-рэ хуатхащ шынагъуэ, административнэ хабзэкъутэныгъэ къэмыгъэхъуным къыхураджэу.

Экстремизмэм пэщIэт Купсэм и лэжьакIуэхэм щIэплъыкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIкIэрэ сэтей къащIащ зэран къэзыхь тхыгъэ 1579-рэ социальнэ напэкIуэцIхэм илъу: абыхэм ящыщу 1177-р хагъыхьащ УФ-м юстицэмкIэ и Министерствэм экстремизмэм ехьэлIауэ ихъумэ Федеральнэ дэфтэрхэм, 196-р епхащ зауэ операцэ хэхар зэрекIуэкIым пцIыуэ хуауса-хужаIам, адрей 205-р УФ-м IэщэкIэ Узэда и Къарухэм я лэжьыгъэр зыгъэулъий защIэщ. Иужьрей мазибгъум Купсэм и лэжьакIуэхэм дауэдапщи 130-рэ драгъэкIуэкIащ курыт еджапIэхэм, колледжхэм, лицейхэм, ищхьэ еджапIэхэм щIэсхэм, адэ-анэхэмрэ педагогхэмрэ.

Апхуэдэ щIыкIэу ахэр щагъэгъуэзащ хъыбарегъащIэ къэухьым жыджэру итхэр зыпэщIэхуэнкIэ хъун шынагъуэхэм, тыншу зэрыгурагъэIуэным пылъащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япкъ къикI мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэу ущытын зэрыхуейм, зыр зым зэрихъумэжыпхъэм.

Мы ищхьэкIэ къэтхьа хабзэкъутэныгъэхэр зэхагъэкI нобэ Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум щыIэ Роскомнадзорым и Управленэм и Къэрэшей-Черкес къудамэмрэ КъЧР-м и Прокуратурэмрэ. Унафи къахьагъэххэщ экстремист телеграм-канали 9 зэхуащIыжыну.

Сабийхэм дэIэпыкъуныгъэ языгъэгъуэт Лъэпкъ Купсэм и къудамэу КъЧР-м щыIэмрэ «Навигаторы детства» Урысейпсо проектым и хэкIыпIэ купсэмрэ цифровой къабзагъэмрэ кибершынагъуншагъэмрэкIэ республикэм и муниципальнэ къэхъугъэхэм ит курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я чэнджэщэгъухэм семинар хурагъэкIуэкIащ.

Абыхэм хуагъэхьэзыращ «Интернетым деж ныбжьыщIэм и шынагъуэншагъэр» зи фIэщыгъэцIэ методическэ тхылъхэр, хъыбар пэжкIэ къызэгъэпэщыным тещIыхьауэ брошюрэхэри хузэхагъэуващ: «Интернетым деж сабийхэм я шынагъуэншагъэр» (адэ-анэхэм я гурыгъуазэ), «Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ социальнэ зэпыщIапIэхэм» жыхуиIэхэр.

А макетхэр щапхъэу къищтэри, КъЧР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэм хъыбарегъащIэ буклетхэр къыдигъэкIащ, икIи экстремизмэмкIэ дауэдапщэ щригъэкIуэкIкIэ, ахэр нэхъыбэм зэрылъысынум хуэдэу, егуэш.

Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ къухьэпIэ къэралхэм я мурад бзаджэхэр зрагъэхъулIэн папщIэ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр къызэрагъэщхьэпэ зэпытыр. ЦIыхум и лъэпкъым нэхърэ нэхъыщхьи, нэхъ лъапIи иIэкъым, зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, дуней псор бий фIыцIэу къыхуэувынурами, абы япэ иригъэщынури ихъумэнури щэнхабзэкIэ, бзэкIэ, лъыкIэ зыщыщхэращ. Аращ ди лъэпкъхэм я гу щабэр пхъашэ имыщIмэ имыдэу къухьэпIэр къыщIытхэбжьантхъуэри.

Экстремизмэм пэщIэт Купсэм проект дэгъуэ иригъэжьащ «Щэнхабзэхэм я зэпсэлъэныгъэ. ХьэщIагъэм и хабзэхэр» и цIэу. Куэд дыди щIакъым Хьэбэз, Зеленчук районхэм щэнхабзэ-узэщIыныгъэ фестивалхэр зэрыщригъэкIуэкIрэ, Тхьэм ирещIи, нэгъуэщI муниципальнэ къэхъугъэхэми щызэхиублэнщ.

Проектым и къалэнщ къэрал, жылагъуэ, лъэпкъ икIи дин организацэ зэхуэмыдэхэр зэкъуигъэувэу, лъэпкъзэпх, динзэпх зэгурыIуэныгъэхэм я лъабжьэр гъэбыдэныр, жылагъуэм деж экстремизмэр къыщымыгъэхъеиным и къаруэ хъуар хуигъэпсыныр.

ЦIыху балигъыр жьыщхьэмахуэ хъуну зэрыхъуапсэм хуэдэ къабзэу, ар хуейщ экстремизмэм и нэщIэбжьэм и быныр пэIэщIэу къигъэтэджыну, хьэргъэшыргъэ хэмыту, зыщитIэгъэнрэ ишхынрэ иIэу.

Араци, КъЧР-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и Купсэм апхуэдэ къэхъугъэхэр хэгъуэгум къыщымыунэхунымкIэ, псом хуэмыдэу — Интернетым щигъэкIуатэ лэжьыгъэм ди щIалэгъуалэм гъащIэ тынш, гукъеуэншэ къызэрыхузэригъэпэщыр житIэмэ, дыщыуэнукъым.

Ди къэкIуэнур сыт щыгъуи фIыуэ щытынущ дымыбэлэрыгъмэ, дызыхуэсакъыжмэ...

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**



# Шыхъуэ Iэзэщ МыкIытIэ Мухьэмэд






Уафэм зитхьэщIыжурэ плъыфэкIэ зэрызихъуэжым, гъэм и зэманхэр зэблэкIкIэрэ щIылъэр къэкIыгъэ мелуан бжыгъэхэмкIэ зэрихуапэ-зэритIэщIыжым хуэдэ къабзэу, телъыджэрэ гугъуу зэхэлъщ Адыгэ-Хьэблэ къуажэм щыщ шыхъуэ Iэзэ МЫКIЫТIЭ Мухьэмэд Къады и къуэм и гъащIэр. Ар нэгъуэщI хэгъуэгухэм Iуэху щищIэу илъэс куэдкIэ щыпсэуащ ибэ хъурей хъууэ, псалъэкIи IуэхукIи щхьэтепIэншэу къызэрынам къыхэкIкIэ.

Пасэу и анэр фIокIуэд, абы ипэжкIэ я адэм унагъуэр къегъанэри йожьэж, и шынэхъыщIэмрэ езымрэ сабий унэм щIохуэ, адыгэ жьэгум и хуабагъымрэ адыгэбзэм и IэфIагъымрэ гу щамыхуэу къотэдж.

МащIэкъым мы лIы щыпкъэм и фэм дэкIар...

МыкIытIэ Мухьэмэд 1947 гъэм гъатхэпэм и 5-м къихъухьащ Адыгэ-Хьэблэ дэс мыкъулей унагъуэм. Мы лIым и гъащIэм зы махуи хэмытыну къыщIэкIынщ гъэунэхуныгъэ инрэ гугъуехьрэкIэ мыгъэнщIауэ. Ар зекIуагъащIэт, и шынэхъыщIэ Iэмин дзадзу ныбжьым итт, я адэм къигъанэу щахэкIыжам. Тхьэмахуэ текIа нэужьщ щIалэ цIыкIухэм я анэшым къэхъуар къыщащIар.

Зурят, Мухьэмэд и анэр, Шыбзыхъуэхэ япхъущ. Революцэм иужькIэ зэхэзехуэным ижь къызыщIихуа куэдым яхуэдэу, ари лIыщIыгъуэ кIуам и 30 гъэхэм ипэхэм Сыбырым ирагъэкIауэ щытащ, и адэ Мысострэ и дэлъху Хьэмидрэ ящIыгъуу, Омск областым и Тарэ районым хыхьэ Васильевкэ урыс жылагъуэм.

ИрагъэкIа щхьэкIэ, Мысост Хэкум и быниплI къыщигъэнати, абы ящIэгупсысурэ, зэригъэзэжыну щIыкIэр хузэгурымыгъаIуэурэ, и гур къэувыIащ. Хьэмидщи, хьэпсэ ящIри ягъэкIуэдащ. Зурят и закъуэ къэна щыхъум, и дэлъху Мэжид Сталиным хуэтхэн щIедзэ и шыпхъур игъэзэкIуэжыну щIэлъэIуу. ИкIи хузэфIокI къэрал унафэщIхэр къигъэушу 1940 гъэм Зурят кърагъэшэжын.

Шыбзыхъуэ Мысост пщащиплIрэ щIалиплIрэ иIэт: Мэрян (Брамхэ я нысэт), Хьэмид, Мэжид, Iэсят (КIакIэхэ я нысэт), Муслъимэт (Псыжь щынысэт), Зурят сымэ. Шыбзыхъуэхэ зэхуэщIауэ псэу унагъуэт. Мысост мэл пщIы бжыгъэ, жэмиплI, шыщIэ, джэдкъазхэр зэрихуэт. Апхуэдэ мылъку къызэгъэпэща зэриIэр зи жагъуэ хъу гъунэгъужэрэгъухэм пцIы къытралъхьэри, зэхэзехуэн ящIащ икIи хэкум ирахуащ зэи имылъагъужыну. ЩрагъэкIым щыгъуэ Мысост ныбжьыфIым итти, дэIэпыкъуэгъу папщIэу и къуэ Хьэмидрэ ипхъу Зурятрэ дыщIагъуащ.

Зурят ягъэзэкIуэжу къыщыкIуэжам зытIэкIурэ щыпсэуащ Мэжид и унэм, ягъунэгъуу щыт фермэм жэмышу щылэжьащ.

Iэмин Ливием къулыкъу щищIащ. И IэщIагъэкIэ ухуакIуэт. Ар хэтащ 1986 гъэм Чернобыль атом электростанцым къыщыхъуа къэуэныгъэр ди республикэм щыщу зыгъэзэкIуэжа гупым. И щIыфэм радиацэшхуэ къиубыдщ, уз куэд хихри, и Iэпкълъэпкъым хуэмыхьыжу 2007 гъэм псэхыжащ.

Абы унагъуэ хъарзынэ ищIат. И къуэ нэхъыжь — Руслан Сургут дэсщ бынунагъуэ хъуауэ. НэхъыщIэ Арсен творчествэм хуолажьэ, киномрэ телевиденэмрэкIэ Санкт-Петербург дэт институтыр къиухауэ, кинооператору мэлажьэ, Ибицэ щопсэу. Урысей фильм 30-м щIигъу трихащ.

1950 гъэм, Къады и унагъуэр къегъанэри йожьэж. Мухьэмэд абы теухуауэ игу къегъэкIыж: «IупщI дыдэу си нэгум къыщIохьэж а махуэр. Ди унэ кIуэцIыр плъытэкъыми, Iэнэм тет фалъэр къыпхутемычыжу щIымахуэ уаем тригъэщтыхьат, зытхуэмыгъэхуэбэжу щIыIэм дист. СощIэж, Iэмин и фэр пыхужауэ гущэм зэрыхэлъар.

Ди анэм и быдзышэр къыщIипIытIыкIыурэ фалъэм иригъэлъадэт, ар дзадзу Iэмини, сэри зэрытхурикъунум хуэдэу, тхуигуэшти, дригъафэурэ дигъэхуэбэжт. Джалэу и лъакъуэ лъэныкъуэм ер щеуэм, и лъапщэм нэгъунэ пахын хуей хъуащ. Сыту гъащIэ мыгъуэт абы къигъэщIар...»

Унэ щIыIэм къыщIэнагъищыр Мэрян къыщигъуэтыжам, Брамхэ ишэри зыкъуигъэуващ. ЖыпIэ хъунущ зэкъуэшитIым я сабиигъуэр абыхэм я деж 1958 гъэм пщIондэ щагъэкIуауэ. Iэмин еплъытмэ, Мухьэмэд хуабжьу кIейпейт. ПIэм хэлъ я анэм и деж яшэурэ ирагъэубэрэжьт щызэранкIэ. Гъуои-чыхуи къызыгурымыIуэу къызэрытэджым, и напэ зэрытрихым иригъыу, зэ къыжриIэгъат: «Мыр уэ уи унэкъым апхуэдэу ущыщIыкIэншэну, гугъу къыбдехьу узыпI, узыгъашхэ унагъуэм и фэр щIипхыр сыт?!»

И гур къызэфIэмынэу хуэшэчкъым и анэр игу къыщигъэкIыжкIэ. Абы къызжиIэжащ, зы махуэ гуэрым, хьэблэ щIалэжь цIыкIухэм ядэджэгуу здыдэтым, Зурят башитI зыщIигъакъуэу, щIакхъуэм шатэ тецIэла псыхъуэм зэрыхудихьауэ щытар. «Сэ сытым хуэдэу сригушхуат ар и къару зэхуихьэсу къызэрытэджыфам, псоми ялъагъуу и IэкIэ сызэригъэшхам», — гукъэкIыж уасэншэхэмкIэ егъэзэж Мухьэмэд.

1956 гъэм Зурят дунейм йохыж. Къадыти, унагъуэ ищIэжауэ Беслъэней щыпсэут, щIакхъуэгъэжьапIэм и унафэщIу лажьэт. ЩIалитIыр анэншэу къызэрынар щызэхихым, ар Брамхэ кIуащ и бынхэр зришэлIэжэн и гугъэу. Мухьэмэдрэ Iэминрэ ауи хуеиххэтэкъым я адэ епцIыжакIуэм дэпсэуну. АрщхьэкIэ, сытыт ящIэнур, адэр адэти, заущэхури гъуэгу дытехьащ, узыщыгугъ мыхъуну я анэм къызэрыхущIэкIыжар бампIэузышхуэу я гум телът.

Гъэмахуэм и иужьрей махуэу Беслъэней мэкуэшыж зэкъуэшитIыр. ЕтIуанэ махуэм Къады и къуэ нэхъыжьыр ешэри еджапIэм щIегъэтIысхьэ. Абы ищIэтэкъым фIыуэ еджэу, IэдэбыфIэу щыту емысам узэрыхэзэгъэн зэрыщымыIэр. Сытми, Мухьэмэдыр унэм къокIуэлIэж, Iэмин къегъэIущри, хамэу къалъытэ унагъуэм якIэщIокIуэсыкIыж. ПсэукIэ-Дахэ нэгъунэ лъэсу йох, я Iыхьлыуэ къуажэм дэс Абдокъуэхэ йокIуалIэри, Брамхэ зрагъэшэж.

Адыгэ-Хьэблэ зыгъэзэжа Мухьэмэд и къуейщIеиным щигъэткъым, жылэр егъэтхьэусыхэрей. И анэ шыпхъур ныкъуэдыкъуагъ зытелъ, ерагъпсэрагъ жыхуаIэм хуэдэти, курыт еджапIэм и унафэщIу апщыгъуэм тета ГъукIэкъул Зураб и жэрдэмкIэ унафэ къахь МыкIытIэхэ я къуэхэр сабий унэм иратыну.

Унэ-интернатым ущIэхуэн щхьэкIэ, нэхъапэ къэрал нэIэм щIагъэувэнухэр зы щIыпIэ гуэрым щызэхуашэсурэ, хэт дэтхэнэ унэм иратынуми зэхагъэкIт. Мухьэмэдрэ Iэминрэ я пхъэ къикIар Невинномысск дэтрати, зыхэхуа гупым и Iыхьэ бланэр урыст, адрейхэр кавказ лъэпкъхэм къахэкIат.

Мэрян зэригъэсауэ, Мухьэмэд адыгэныр къытекIуэт, игу техуэтэкъым лажьэ зимыIэм зыгуэр щекъуэншэкIкIэ, щыщыхьэкIэ. Зы махуэ гуэрым, шэджэгъуашхэу хьэнтхъупс кърататам кхъуэл хэлъу къыщIокI. ХьэрэмылЫр бжэмышхымкIэ къыхищыпыкIыурэ лъэныкъуэ зэрыригъэзыр и ныкъуэкъуэгъухэм къыщалъагъум, къаубыдри, и напэр кхъуэлкIэ къацIэлыхьащ. Мухьэмэд къыщыщIар щхьэкIуэ щыхъури, зегъэтхьэлэжын гугъэр иIэу, макIуэри псыхъумапIэ куум зыхедзэж. ЩIалэр зыужьыгуахэр къыщыдыхьэшхыу зэхэтыхун, гъэсакIуэхэр къосри ар псым къыхалъэфыж.

Сабий залымыгъэр зищIысыр Мухьэмэд нэгъэсауэ щигъэунэхуар мис апщыгъуэращ. Ар кином нэхърэ нэхъыкIэжт зыхэхуар. Куэд дэмыкIыу зэкъуэшхэр Невинномысск ирашри Барсуковскэ станицэм дэт интернатым ягъэIэпхъуэ. Хэдэмэ къыздикIар къыхахыжынут, ауэ Iэмалыншэт я Iуэхур. Я гъусэт зы кореец, зы алыдж, журтитху. ГъэщIэгъуэнрати, пэмыплъагъэххэу МыкIытIэ зэкъуэшхэм къахуозэ я лъэпкъэгъу щIалэ — Джатэхэ Зэуал. Ар узыфIэмыкIыжыну цыплът, пасэрей адыгэхэм ящхьыркъабзэт, ауэ езым къызыхэкIа лъэпкъыр къыфIэIуэхущэу зигъэлъагъуэтэкъым.

Мухьэмэд сабий унэм щыщыIа япэ илъэситIым хуабжьу кърагъэлэжьт къыдыщIэсхэм. Е 8-9-нэ классхэм щынэсаращ бзаджэу зыкъыщызэкъуихар, къыщыхьэм хуэфэщэн жэуап иритыжыф щыхъуар. Станицэдэсхэмрэ интернатым щIэсхэмрэ махуэ къэс зэзауэт, тепщэгъуэр Iыгъыным щIэбэнхэт. МыкIытIэм и гупым къыпэщIэтхэм «домашняки», «гусаки» цIэлейхэмкIэт къызэреджэр. «Бгъэдыхьи пкъырыуэт мо уфIыцIыжауэ къыдэмыщхьым» жаIэурэ, класс нэхъыжьым хэсхэм нэхъыщIэхэр къыхузэщIагъэстурэ къыфIагъанэт Мухьэмэд... Iэмин и хьэл-щэнкIэ вэгъзэгъыу зэрыщытрауэ къыщIэкIынти, зыри апхуэдэу къеIэбтэкъым.

Шхын и лъэныкъуэкIэ къэпщтэнщи, интернатым езым ейуэ нартыху губгъуэ бэлыхьхэр иIэт. КъинэмыщIауэ, яхъут джэд минипщIрэ жэмищэрэ, яIыгът тхьэкIумэкIыхь минибли, кхъуэщи, шэщи, бжьаIуэ ини. ЯгъэкIт жызумей, мыIэрысей хадэхэри. КIэщIу жыпIэмэ, сабий унэм щIэсхэм мэкъумэш лэжьыгъэм гугъуехьу пылъыр ягъэунэхукIэрэ, я Iэнэм къытехьэ джэдылымрэ джэдыкIэмрэ, былымылымрэ гъэшымрэ я IэкIэ, я гуащIэкIэ къалэжьыжт. Мухьэмэд сымэ къуалэбзууэ зэрамыхуар уэ укIуэдыж: бгъэи, мэзкъанжи, къуаргъи, нэгъуэщI Iэджи. Абы зэрыцIыкIу лъандэрэ фIыуэ илъагъут бзухэр.

Интернат сабийхэм гъэщIэгъуэн дыдэу хуагъэлъапIэт къыщыхъуа махуэр. Псалъэм папщIэ, зы мазэм къалъхуахэр махуэ гуэрым зэхуашэсурэ, IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуаупщэфIт, джэгукIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэпрагъауэурэ ягъафIэт.

ТIэкIу икIэкIэ сыIэбэжынщи, МыкIытIэхэ я щIалитIыр Беслъэней къыдэкIуэсыкIыу Адыгэ-Хьэблэ щыкIуэжам я адэр къакIэлъежьащ аргуэру ищтэжыну хуейуэ, ауэ ядакъым и къуэхэми, Брамхи. Абыхэм Iупс бзаджэу я тэмакъым къыщIэгъуэлъхьауэ яхуегъэхтэкъым Зурят хьэпшыпыжь гуэрым и фэ ириплъу утыку къызэрыринари, зыхыхьэжам пхъуитIрэ зы къуэрэ зэрыдигъуэтыжари. Псом япэрауэ, Мухьэмэд и напэ къыхуегъэкIутэкъым зэи къызыфIэмыIуэхуу щыта и адэмкIэ еуэкIыжыныр. Нэхъ гуузыжыр арати, Къадым и къуитIыр сабий унэм зэрыщIэхуар зэхихыжарэ пэт, зэрыгубыдэжьу щысащ, IэщIэщIа щыуагъэхэр игъэзэкIуэжыну гузэвакъым.

Адэ-анэм папщIэ лъапцIэу мафIэми псыми хэтынущ псэкIэ яхъумэрэ дамэкIэ яIэту къэтэджар. Мухьэмэд и Iуэхур аратэкъым зыIутыр — ар арэзыт и адэр имыщIэххэну, имылъагъуххэну. Къута фалъэр зэрыщытауэ зэрыхузэкIэрымышхэжынур хьэкъыу пхыкIат.

Мухьэмэд щиущэхуурэ, и адэм гъэпщкIуауэ кIэлъыкIуэт, и гур абы и дежкIэ щыIэт Iэмин. «СфIэфIкъым си къуэшыр ди адэм хуэзэн зэриублам щхьэкIэ щызубэрэжьа махуэр си нэгу къыщыщIыхьэжкIэ. СызэрыхуэткIиям срозэгуэпыж», — и нэхэр нэщхъеибзэ къэхъуауэ и къуэш тхьэмыщкIэм и гугъу ещI абы. Анэр хэутэн зыщIу къыхыфIэзыдзам зыпищIэу, лIам и фэеплъыр къуэм зэримыхъумэм къигъэгубжьыпауэ зэгуэудт Мухьэмэд.

Iэмин и къэшэгъуэ дахэ щыхъуам и тхьэкIумэр иIуэнтIауэ щытащ урыс фыз пэшэгъу имыщIыну. Ар хуейтэкъым и къуэшым адэм и лъэужьыр ихуну, и мыбзэгъу псэгъу къыхуэхъуну. ИкIэм-икIэжым урыси, адыги къимышэу, украин бзылъхугъэм унагъуэ дищIащ.

Иджыри сабий унэм щIэсу, МыкIытIэ Мухьэмэд зэрыжыIэдаIуэмрэ еджэным зэрытрикъузамрэ гу лъатэри, зы гъэ гуэрым гъэмахуэ дэсыгъуэхэр щигъэкIуэну Адыгэ-Хьэблэ къагъэкIуэж. Къызэрысыжу, Дыщэхэ ящыщу къуажэм дэса мэлыхъуэ щIалэр ныбжьэгъуфI къыхуохъу, зэпсэлъыхъу хъун пщащэ къилъыхъуэну трагъэгушхуэ. Iэмин еплъытмэ, Мухьэмэд и бгъэм къиукIыр адэкIэ умыкIуэжыну адыгэгут. Ар щIэхъуэпст адыгэ унагъуэ щапIа, хабзэ-бзыпхъэ зыщIэ пщащэм и гъащIэр ирипхыну.

«Процент 90 хуэдизкIэ си фIэщу жысIэт адыгэпхъу къызэрызмышэфынур. Си хъуэпсапIэм гугъэ лъэпкъ хузиIэжтэкъым. АтIэ, къыбдэпсэун къыщыбгъуэткIэ, къэпшэну утогушхуэри, хьэгъуэлIыгъуэр бдэзыIэтын Iыхьлыхэми, узыщыщ лIакъуэми уащыгугъын щIыбодзэ. Сэ нысэ схуизышыжын зыри згъуэтынутэкъыми, сыпыкIыжащ икIи сеувэлIащ пщIэ зыхуэзыщIыж унагъуэм и пхъур факъырэм, мэжэщIалIэм зэрыримытынум. Сэ сымыкъулейми, сыщIалэфIщ, зэгъусэу ди лъэ дгъэувынщ, фи пщащэр дзыхь къысхуэфщI жыпIэкIэ, уи щхьэр бгъэщхъкIэ мыхьэнэ иIэкъым», — адыгэ пщащэ къишэну зэрыхузэфIэмыкIам топсэлъыхь Мухьэмэд.

1965 гъэм Мухьэмэд балигъыпIэ иувауэ сабий унэм къыщIокI. Зэуи дзэм къулыкъу щищIэну Орджоникидзе (Владикавказ) дашри, связистхэм яхохуэ. Абы и гъусэхэм яхэтащ Адыгэ-Хьэбли, Беслъэнеи, ПсэукIэ-Дахи щыщ щIалэхэр.

Къулыкъу нэужьым электромонтажеру заулрэ мэлажьэ. Къалмыкъ Республикэм Iуэху щызыщIэу дэс и къуажэгъухэр лъагъунлъагъу къэкIуэжауэ щарихьэлIэм, чэнджэщ кърат хэхъуэ щIагъуэ къызыпымыкI и IэнатIэм къыпэрыкIыу, махъшэ здэкуэд щIыналъэм лэжьапIэ къыщилъыхъуэну. КъыжраIам къегъэбырсейри, илъэсыщIэр бжэщхьэIум къытехьэным махуэ зытIущ фIэкIаи къэмынэжауэ, Къэрэшей-Черкесыр ебгынэ.

ЗдэкIуа хэгъуэгум и жьыуэпсыр къемызэгъа, хьэмэрэ имышхыпхъэ гуэрым къызэIигъэхьа, сытми, сымаджэщым щIохуэ и ныбэр кърыIуэнтIыкIыу. Пэшым зы къалмыкъ щIалэ къыдыщIэлът щIы пхыубрyукIыпIэм щылажьэу. «АхъшэфI къызолэжь, ухуеймэ, уэри накIуи утщтэнущ» жэуэ къыщепсалъэм, МыкIытIэм зегъэхъуж, и тхылъхэр ехьри, бруупIэм Iуохьэ.

Дэсыгъуэ махуэхэр къыщыскIэ Элиста бэзэрым кIуэну фIэфIт Мухьэмэд. ЩIыфIэфIым и щхьэусыгъуэт абдеж къэбэрдей бзылъхугъэхэм тхъуэплъ хъужауэ ящэ мыIэрысэхэм хуэдэ къищэхуну зэрыгузавэр. КъалмыкъыбзэрэI урысыбзэрэ зэхэзымыхыу псэу адыгэлIым хурикъутэкъым адыгэмэ зыщыуа сытри. А къэбэрдей сатуущIэхэр адыгэбзэкIэ щызэпсалъэкIэ, Мухьэмэд къызэщIэувыIыкIти, и гъын къакIуэу щытт урыс сабийхэм яхэтурэ и анэдэлъхубзэр IэщIэкIа зэрыхъуам, ауи хуэмеиххэу, Iэмалыншагъэм иригъэзу, бзэныкъуэу къызэрынам.

1973 гъэм МыкIытIэ Мухьэмэд унагъуэ дещIэ Къалмыкъым щыщ Алёхинэ Ольгэ. Зыпхъурэ зы къуэрэ къащIохъуэ: Тимуррэ Дианэрэ. БруупIэм къыIуокIыжри шыхъуэным зрет, зы тэныши къещэху. Къалмыкъхэм шыгъажэ зэрырагъэкIуэкI зэпытыр къыщищIэм, ахалтекинышхэр зыхэт зэхьэзэхуэм еплъыну макIуэри, пцIащхъуэм хуэдэу зи лъэр щIэлъэт псэущхьэм и къэжэкIэм, и зыIыгъыкIэмрэ и Iэпкълъэпкъ зэкIужымрэ игу ирохьыпэ икIи гугъэ ещI апхуэдэш къызэригъэпэщыну.

А зэманым Мухьэмэд и гъащIэ псор шыхъуэным триухуэну хьэзыр ищIат гу зыхуищIа ахалтекинышым. Iэмал имыIэу игъэбагъуэурэ и шэщым щхьэ бжыгъэ кърригъэувэнуи къалэн зыхуигъэувыжат, ауэ ахэр хуэзыхъумэн имыIэу зыри зэфIэкIынутэкъыми, хьэджафэ тIощIым щIигъу къеугъуей.

Iущрэ пэжу гъэпса хьэ хъумакIуэхэр хэплъыхьауэ жумэрэнылкIэ игъашхэт. Къалмыкъ тафэм узытеувэр жумэрэныгъуэщи, ар къэзыщэкIуэхэри нэхъыбэжщ. Арати, Мухьэмэд щакIуэ бэлыхьхэр нэIуасэ къыхуохъу, ягуроIуэ фэндырэшхуэкIэ жумэрэн хуашыуну, абы ипIэкIэ езым шхынхэкI зэхуэмыдэхэр яхуешэ.

Хьэ зехуэным и ужь иткIэрэ ар хэгъуэгу къом къызэхижыхьащ: Волгоград, Липецк, Воронеж областхэр, Къэзахъстан Республикэр. Иужьрейм деж абы къыщилъыхъуэт Курыт Азием щыцIэрыIуэ тазы жыхуиIэ хьэ лъэпкъым хуэдэ. ЗэрыжаIэмкIэ, Шыбзыхъуэхэ, Мухьэмэд и анэшым и лъабжьэгъэтIылъу щытам и цIэр ТIазт. КъэзахъыбзэкIэ «тазы»-м лъэпкъыфI жиIэу аращ.

ИлъэсищкIэ губгъуэ бжэн къэущэкIунми етауэ щытащ Мухьэмэд. ЩIымахуэкIэ нэхъыбэу къиукIт губгъуэхэм, мэзхэм щыIэ бажэхэр, щIыжьдзыдзэр.

Шыхъуэ IэщIагъэм ирилэжьэн щIимыдзэ щIыкIэ, МыкIытIэр шыгъажэм деж и цIыхугъэ мэхъу фермер Чимидов Георгий. Зэдэлэжьэну зозэгъ. ШыфI зыIэрыгъыхьэнрати нэхъыщхьэр, ар къызэрищтэн ахъшэ зэхуихьэсыну къыпэщылът. Сытми, Мухьэмэд губзыгъэу къыщIокIри, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Волгоград областым и щакIуэхэмрэ и бдзэжьеящэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Головин Алексей и деж соми 120-кIэ къыщищэхуа фочымрэ и тэнышымрэ ахалтикинскэ шыбзкIэ Чимидовым кърехъуэж.

ПцIэгъуэплът шыр. Мызэ-мытIэу шыгъажэ хэтат, ауэ и паспортыр щыкIуэдым, зэхьэзэхуэхэм хэтыну лъэкIыныгъэ иIэжтэкъым. И шыр ахалтикинскэхэм яхигъэхьэурэ игъэбэгъуащ щхьэ бжыгъэ 56-м нихусыхун. ДэфтэркIэ зыщIитхэри ферми къызэIуихащ.

Куэд дэмыкIыу ар хохьэ ахалтекинскэ шы заводхэм я Лъэпкъыбэ Ассоциацэм. Илъэс къэс абы къикIыурэ къыхуэкIуэт и шыщIэ цIыкIухэм еплъын, къапщын, уасэ иратын щхьэкIэ. Шыхэм лъы хахыурэ генетикэ и лъэныкъуэкIэ къэхутыныгъэхэр ирагъэкIуэкIт.

Илъэс 30-м щIигъукIэ Къалмыкъым щыпсэуауэ, 2020 гъэм МыкIытIэ Мухьэмэд Троицкэ жылагъуэм къыдокIри Астрахань мэкуэшыж. Апщыгъуэм шыуэ иIэжыр 26-т. Шы игъэхъу къудейтэкъым абы, атIэ, шыгъажэхэм хагъэхьэнухэр къратурэ игъэхьэзырт я IэпкълъэпкъкIэ лантIэрэ псынщIэу, мыщтэу, щыпкIэкIэ, щыжэкIэ щымыуэу.

НобэкIэ Мухьэмэд ипIа, игъэса ахалтикинецхэм ящыщу 15-м шыгъажэхэм чемпионыцIэр къыщалъэщащ. Ахэр абы и гушхуапIэщ. И дэтхэнэ шыфIми абы фIищащ мамлюк сулътIанхэм зэрахьэу щыта цIэхэр. И пэш блыным фIэлъу срихьэлIащ ФIыщIэ тхылъ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и тхьэмадэу тIэунейрэ тета Селезнёв Геннадий и Iэпэ зыщIэлъыр. УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий и шэщми итщ адыгэхьэблэдэсым и ахалтекинец.

XIX-XX лIыщIыгъуэхэм псэуа шыхъуэ бэлыхь Куприн Николай жиIэгъат зэгуэр: «Тутыни, фади къомыщтэжу зыбгъэпсыфынущ, уи щхьэгъусэм — зэми зэ укъигъанэу ежьэжынкIэ мэхъу, ауэ шым и щыщ макъ дахащэм уигъэпIейтейрэ укъызэщIигъаплъэу уиIыгъынущ уи псэр пытыхуи, хэкIа нэужьи».

Пэжым фыхуеймэ, шым хуэсакъыу кIэрысу плъагъунур зырыз дыдэщ нобэ. Мухьэмэд ишхэм куэд къыщIэупщIэу зэрыщытар къыпхуаIуатэ и унэм узэрыщIэбакъуэу узыIууэ сурэт къомым. Абыхэм чемпион мыхъуауэ зыри зэрахэмытыр уи фIэщ пщIыми, ущыуэнукъым.

«Ахалтекинскэ шыр — ар дунейм шы лъэпкъыу тетым сэбэп къахуэзыхьщ, шы спортым хэт классикэ лIэужьыгъуэхэр къызытемыхьэлъэу икIи фIагъ хэлъу къызэзынэкIыфщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, хэти зэрищIэщи, дунейм нэхъ цIэрыIуэуи, нэхъ ящэхууи щыIэр хьэрыпышымрэ инджылызышымрэщ. Ауэ, илъэсипщIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Урысейм деж аратэкъым зэрыщытар. Псыхуабэ къалэм пэмыжыжьэу щыIэ Тэрч шы заводым и хьэрыпыш хъушэр хохъуэ мыхъумэ, хэщIкъым. СыткIэ сэбэп? Шыуэ ящэр куэдыкIейщ, зыщэхунур — гъуэтыгъуейщ», — жеIэ Мухьэмэд.

МыкIытIэ Мухьэмэд и шыхъуэным къыпэкIуауэ нагъыщэ, саугъэт лъапIэхэр зыщIэлъ пэш иIэщ, музей ищIауэ. А пэшым и блынхэм кIэрызщ аукционхэм къыщищэхуа, къэрал 30-м щIигъум щащIа шы лъэрыгъхэмрэ Iэпслъэпсэхэмрэ. Уанэ иIэщ адыгэхэм, Курыт Азием, Европэм щыпсэу лъэпкъхэм ящIауи.

Уадыгэмэ, адыгэшщ пIыгъын хуейр, хэти и ахалтекинскэ, къыжезыIи къыкъуэкIащ Iэджэрэ. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIкIэ, Мухьэмэд зыщалъхуа и къуажэжьым къигъэзэжауэ щопсэу илъэс еплIанэ хъуауэ. Астрахань абы ахалтекинскэу шиплI къыздришати, мазэм щIигъуащ дзыхь зыхуищI щIалэхэм ахэр зэраритыжрэ. Гу зыхуищIа, псэ зыхилъхьа шы щимыIэж зэманыр къэунэхуауэ, джэдкъази, мэлыхъуэхьи, джэду хужьыбзи еIыгъ, иджы и мурадщ тхьэрыкъуэ гъэхъуным зритын. Тхьэм хущIигъыхьэ!

ЛЫХЬ Тимур



«Мой выбор»







# Япэ лъэбакъуэхэмрэ текIуэныгъэхэмрэ

**Хьэбэз къуажэм мыгувэу и бжэр щызэIуихынущ «Мой выбор» автоном мысату организацэм къызэригъэпэщ щIалэгъуалэ Купсэм. Ар телэжьэнущ зи ныбжьыр илъэс 14-м щыщIэдзауэ 35-м нэс щIалэгъуалэ жыджэрхэм я зэфIэкIым зрагъэужьыным, абыхэм я проектхэр ипэкIэ гъэкIуэтэным, ахэр гъэгушхуэным, грант дэIэпыкъуныгъэхэр къагъэлъэщыным.**

Купсэм и ухуэныгъэ Iуэхухэр иджыкIэ ягъэкIуатэ пэтми, абы и къызэгъэпэщакIуэхэм зы дакъикъэ ягъэкIуэдкъым щIэныгъэм, творчествэм, спортым, езыр-езыру лэжьэжыным щIэблэр жыджэру хэшэным хуэгъэзауэ.

ЕхъулIэныгъэфIхэр къагъэлъагъуэу «Мой выбор»-м и къызэгъэпэщакIуэхэм Хьэбэз районым Iуэхугъуиих щрагъэкIуэкIагъэххэщ. Абыхэм ящыщщ: «Школа ораторского искусства», «Рисуем Родину», «Конкурс талантов», «Турнир по интеллектуальной игре» («Лига умов») хуэдэхэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ «Финансовая грамотность как лучший инструмент в жизни» семинарыр, иужьрейуэ екIуэкIа «Медиа журналистика и СМИ» егъэджэныгъэ программэр.

Мы программэм ипкъ иту мазэм къриубыдэу Хьэбэз районым хыхьэ еджапIэхэм ягъэхьэзыращ пэтын-репортажхэр. Абыхэм я къэпщытэжыныгъэу Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэ Хьэбэз курыт еджапIэм щызэхашащ хэгъуэгум и журналистхэр зыхэта, егъэджэныгъэ мыхьэнэрэ къалэнрэ зиIа зэхыхьэр.

НыбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм я къэпщытакIуэу мы Iуэхугъуэм къыхашащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, «Къэрэшей-Черкес» телерадиокомпанэм и корреспондент пашэ Мамхэгъ Белэ, «Черкес хэку» газетым цифровой зыужьыныгъэмкIэ и къудамэм и редактор Аслъэныкъуэ Мадинэ сымэ.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэм гуапэу захуигъазэкIэрэ, купсэм и лэжьыгъэм и мыхьэнэмкIэ ядэгуэшащ «Мой выбор» АНО-м и унафэщI Адышэс Азэмэт:

— «Мой выбор» купсэр къызэгъэпэщыныр — ар IуэхущIапIэ ухуэныгъэ къэгъэщIын къудейкъым. АтIэ, ар щIалэгъуалэм я зэфIэкI щагъэнэIуэфу, щIэныгъэ Iэзагъ зрагъэгъуэтыфу, зэакъылэгъухэр здызэдэгуэшэф, лъабжьэ здагъуэтыф щIыпIэщIэу щытынращ. Догугъэ, районым щыпсэу щIалэгъуалэм мыбдеж щагъуэт текIуэныгъэщIэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ трагъэгушхуэу ипэкIэ кIуэтэным хуэпабгъэу заужьыну.

ЗэIущIэм къеблэгъа IэщIагъэрылажьэхэм ныбжьыщIэхэм зэпсэлъэныгъэ драгъэкIуэкIащ журналист IэщIагъэм теухуа лекцэхэм, пэIуасэ хуащIащ СМИ зэхуэмыдэхэм: телевиденэм, радиом, газетым я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэхэм.

— Сыт хуэдэ лэжьыгъэми, шэч хэмылъу, жэуаплыгъэ нэс бгъэзащIэу убгъэдэтыпхъэщ. Журналистикэри апхуэдэщи, мыбдежым а пщэрылъыр нэхъри нэхъ хьэлъэж мэхъу. Сыту жыпIэмэ, журналистым и псалъэм еухуэ жылагъуэм и гупсысэр, и еплъыкIэр, и Iуэху бгъэдыхьэкIэр...

Журналист нэхъусам хэлъын хуей хьэл-щэнхэм яцыщщ лъэныкъуэ куэдымкIэ зыужьыныгъэ ббгъэдэлъыныр, гуапэу ущытыныр, узытепсэлъыхь Iуэхум фIыщэу хэпщIыкIыныр, сыт хуэдэ ныбжьми бгъэдыхьэкIэ къыхуэбгъуэтыныр. А псоми яухуэ цIыхум и хьэл-щэныр. Абы къыхокIыж уи лэжьыгъэм къыпэкIуэну схъулIэныгъэри, — къыхигъэщащ адыгэ газетым и редактор нэхъыщхьэм.

Телевиденэм и журналист Мамхэгъ Белэ еджакIуэхэр щигъэгъуэзащ радиомрэ телевиденэмрэ и лэжьакIуэ журналистым и пщэм къыдэхуэ лэжьыгъэм. Ар убгъуауэ къытепсэлъыхьащ хэгъуэгу радиомрэ телевиденэмрэ я тхыдэм, иджырей зэманым я лэжьыгъэр зэрызэтегъэпсыхьам:

— Ди гуапэу ди зэфIэкIымкIэ, ди лэжьыгъэм и ухуэкIэмкIэ дывдэгуэшэну дыхьэзырщ. Гукъыдэж фиIэмэ, телевиденэм и хэщIапIэм фыкъыдогъэблагъэ. ДиIэщ фызыдихьэхын IэщIагъэ куэд — репортёр, режиссер, корреспондент, оператор. ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэр ди медиам и къэкIуэнщ! — жиIащ Белэ.

ЗэIущIэм хэта журналистхэм я пщэрылъ нэхъыщхьэу щытащ проектым ипкъ иту къекIуэлIа лэжьыгъэхэр зэпкърыхыныр, нэхъыфIхэр къыхэгъэщыныр, никъусаныгъэхэр утыку къихьэныр.

Гу зылъытапхъэщи, Хьэбэз районым и еджапIэхэм къабгъэдэкIа лэжьыгъэ 13 зэпсуэм къекIуэлIащ. Дакъикъи 3-8 зи кIыхьагъ нэтын-репортажхэр сабийхэм нэхъыбэу зытраухуар я еджапIэхэращ. КъэпщытакIуэхэм зэдэарэзыуэ къыхаха лэжьыгъэхэр наIуэ къищIащ жюрим хэта Аслъэныкъуэ Мадинэ:

— Нобэ фи лэжьыгъэхэмкIэ къэвгъэлъэгъуащ хъыбархэм фызэрелэжьыфыр, еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр къызэрывгъуэтыфыр, ахэр удихьэхыу зэрызэхэвгъэувэфыр. ТехыкIэмкIэ, макъ щIэгъэувэкIэмкIэ, монтажымкIэ никъусаныгъэ гуэрхэм хэта пэтми, тфIэгъэщIэгъуэну лэжьыгъэхэр щIэтплъыкIащ, нэхъыфIхэри къыхэдгъэщащ. Мы лэжьыгъэхэм гугъэфI къыдат журналистикэ IэщIагъэм ирикIуэн къызэрыфхэкIынумкIэ, — къыхигъэщащ журналистым.

Жюрим зэдэарэзыуэ япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Къардэн Уэхьид и цIэр зезыхьэ ПсэукIэ-Дахэ курыт еджапIэм игъэхьэзыра нэтыным. ЕтIуанэ увыпIэр Хъупсырокъуэ Е. и цIэр зезыхьэ Хьэбэз лицей-интернатым къилъэщащ. Ещанэ хъуащ Зеикъуэ, Жьакуэ курыт еджапIэхэр. ИкIи, текIуахэмрэ зэпсуэм хэлэжьыхьахэмрэ ягъэгуфIащ сертификатхэмрэ саугъэтхэмрэкIэ.

«Медиажурналистикэмрэ СМИ-мрэ» егъэджэныгъэ программэм ипкъ иту екIуэкIа зэпеуэм къигъэлъэгъуащ щIалэгъуалэр а лъэныкъуэм зэрыдихьэхыр, я зэфIэкIым пэхъри зэрыхэбгъэхъуэфынур.

**ХЬЭТАЙ Мадинэ**

Кънтхуатх

# Хуэфащэ пщIэр мыкIуэду

**Краснодар крайм хыхьэ Урупскэ (Щхьэщэхуж) къуажэм къикIыу редакцэм тхыгъэ къытIэрыхьащ. Абы итыр фи пащхьэ идолъхьэ.**



«ПщIэ зыхуэсщIу адыгэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ!

Успен районым хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм щыпсэу Хэхъуэж Мэржанэт Мусэ ипхъуращ нэзытхыр. СызыпэщIэхуа гукъеуэр зэфIэхынымкIэ сэбэп фыкъысхуэхъуну сыфщыгугъыу зыфхузогъазэ.

Iуэхур зытетыр ращ. ВакIуэ-Жылэ къуажэр илъэс 200 зэрырикъуар щагъэлъапIэм, къуажэм къыщыхъуа, щыпсэуа си дэлъху Агъэн Ибрэхьим Мусэ и къуэм и цIэм, и фэеплъым ехьэлIауэ зыри къыхагъэщакъым. Ибрэхьим и мызакъуэу, ди унагъуэм зэрыщыту я лIэужьыр мы къуажэращ къыздыщежьэр. Ди унагъуэм исым я цIэхэр къизмыIуэми хъуну къысщIохъу.

ГъащIэм къызэрысхуигъэфэщати, сэ Краснодар крайм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм сыкъыщыхутащ, а жылагъуэм дэс Хэхъуэж Алий щхьэгъусэ сыхуэхъуауэ щытащ. СабииплI — къуитIрэ пхъуитIрэ — къытщIэхъуащ.

2005 гъэм Агъэн Ибрэхьим сурэт щIынымкIэ кафедрэм и еджапIэ-производственнэ IуэхущIапIэр къиухащ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ-методическэ лэжьыгъэ 12. Абыхэм я нэхъыбэр купсэ печать къыдэкIыгъуэхэм къытрадзащ.

Ибрэхьим къэрал, республикэ (Урысейм и Ипщэм) художественнэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зэгъэпэщыным жыджэру хэтащ.

СыкъытеувыIэну сыхуейщ си дэлъхум и творческэ, и гъащIэ гъуэгуанэм. А илъэсхэм Агъэн Ибрэхьим ди унагъуэм и мызакъуэу, ди лIакъуэр зэрыгушхуэ цIыхуу щытащ.

Курыт еджапIэр къыщиухым, Карачаевск къалэм дэт художественно-графическэ институтым щIэтIысхьащ. Абдеж ищхьэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтри, лэжьэн щIидзащ икIи Къэрэшей-Черкес къэрал университетым и художественно-графическэ факультетым живописымкIэ и кафедрэм и доцент хъуащ, педагогическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат фIэщыгъэцIэ лъапIэри къыхуагъэфэщащ.

Ар Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым живописымкIэ и кафедрэм илъэс 30-м щIигъукIэ щылэжьащ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэ 60-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ, Урысейпсо, хэгъуэгу, республикэ художественнэ гъэлъэгъуэныгъэ 40-м нэсым хэтащ, хэлэжьыхьащ.

Агъэн Ибрэхьим и цIэр итщ адыгэ тхакIуэ Шорэ Ахьмэд къыдигъэкIа «Народ гордится ими» тхылъым.

Хуабжьу гущIыхьэщ ди дэлъхур пасэу дунейм зэрехыжар. Псэужатэмэ, абы хуэгъэзауэ къагъэхъуа щыуагъэр иIэщIэкIынутэкъым. Зи гугъу сщIыр аращи, къуажэм и илъэс 200-р щагъэлъапIэм, дауэдапщэм пщIэ зиIэ къуажэдэс куэдым я цIэхэр къыщраIуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, си дэлъхум и цIэр абыхэм яхэтакъым, дагъэхуащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар гурыIуэгъуэкъым, ягъэзэкIуэжамэ ди гуапэт.

ПщIэ зыхуэсщI редакцэ, абы и унафэщI Абидокъуэ Люсанэ! Зыфхудогъазэ а щыуагъэр тхуэвгъэзэхуэжыну. Сыхуейт мы тхыгъэр адыгэ газетым къытехуэну...

**ПщIэшхуэ къыфхуэзыщI**
**ХЭХЪУЭЖ Мэржанэт Мусэ ипхъу».**

Миграцэ

# ПIалъэм и пыщэкIэр

**Хамэ къэрал къикIауэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ организацэхэм щеджэхэм Къэрэшей-Черкесым зэрыщыIэ хъуну пIалъэм и пыщэкIэр.**

2002 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25-м къыдэкIа зи № 115 федеральнэ Хабзэм и етхуанэ статьям и еблэнэ Iыхьэм и еплIанэ сатырым зэритымкIэ, нэгъуэщI къэрал къикIауэ Урысей Федерацэм и ищхьэ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ организацэхэм очнэу е очнэ-заочнэу щеджэхэм адэкIи пылъхьэншэу щIэныгъэ щызрагъэгъуэтын папщIэ, я еджапIэхэм лъэIу тхылъкIэ зыхуагъэзэн хуейщ зыгъэзащIэ федеральнэ къулыкъум и щIыпIэ къудамэм, Урысей Федерацэм зэрыщыIэ хуитыныгъэ дэфтэрым и пIалъэр икIыным махуэ 20 иIэжу.

Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ организацэхэм апхуэдэ лъэIу тхылъ игъуэу къабгъэдэмыкIмэ, хамэ къэралхэм щыщ студентхэм УФ-м зэрыщыIэ пIалъэм пыщэнымкIэ пщэрылъ ирагъэхьыжынукъым икIи мигрантыр Урысей Федерацэм щыIэну хуитыжынукъым. Ар нэIэм щIэт мигрантхэм зэуэ яхэхуэнущ, егъэджэныгъэ организацэхэм я унафэщIхэми, къуаншагъэ зылэжьахэми УФ-м и Кодексым и административнэ хабзэкъутэныгъэхэм япкъ иту и хьэкъ Iуагъэщ Iэнущ.

**КъЧР-м и МВД-м и пресс-къулыкъу**

Росгвардие



# Хуэныкъуэм уи дамэр щIэгъакъуэ

«Твори добро» Урысейпсо псапащIэ акцэм ипкъ иту Къэрэшей районым щыIэ, хабзэхъумэ къулыкъухэм я ветеранхэм я Советым хэт лIыкIуэхэр Усть-Жэгуэтэ дэс унагъуэ быныбэм ялъэкIкIэ зыщIагъэкъуащ. Апхуэдэу, хьэщIэхэм унагъуэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, IэфIыкIэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, япэу зыхуэныкъуапхъэ хьэпшыпхэр хуашащ.

«Ди гур зэIухауэ сыт щыгъуи дыхьэзырщ щытыкIэ гугъу ихуа цIыхухэм защIэдгъэкъуэну, я гур ямыгъэкIуэдын папщIэ псалъэ гуапи яжетIэну. Апхуэдэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ псалъэхэр, я гукъыдэжыр дэркIэ куэд и уасэщ», — жиIащ ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ, милицэм и майор, отставкэм щыс Кубанов Исмэхьил.

ЗэIущIэм икIэм ехъулIэу ветеранхэм унагъуэр къагъэгугъащ дяпэкIи къалъытъуэзэну, зыгуэркIэ гузавэмэ зыкъыпащIэнуи жраIащ.

**Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ**
**Управленэм**
**и пресс-къулыкъу**


# ЩIыуэпс гъуэзым фыхуэсакъ! Р

Ставрополь хэгъуэгум щыщ Кочубеевскэ, Андроповскэ, Минераловодскэ жылагъуэхэм, Невинномысск, Черкесск къалэхэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Усть-Жэгуэтэ, Къэрэшей, Прикубан, Хьэбэз, Нэгъуей, Адыгэ-Хьэблэ, Зеленчук, Абазэ районхэм якIуэцIрыкI щIыуэпс гъуэз зырикIуэ бжьамийхэм кIэлъыплъыр Невинномысскым и ЛПУМГ къулыкъуращ. Мы бжьамийхэм давленэшхуэ яIыгъщ метр зэбгъуэзнатIэм килограмм 55-рэ техуэу. Абы къыхэкIкIэ, бжьамийхэр зыгуэркIэ зэпаудмэ, зэранығъэшхуэ къикIынкIэ шынагъуэщ, цIыхухэми, гъунэгъуу щыт псэуалъэхэми къахухэкIыну. Апхуэдэ къутэныгъэхэм къахэкIкIэ, бжьамийхэр къыщыуэ, мафIэшхуэу къыщылыбыр куэдщ. Абы папщIэ, къэрал хабзэм егъэбелджылы апхуэдэ бжьамийхэм я шынагъуэншагъэр, тхьэмыщкIагъэ къызэрамыхьын щытыкIэхэр.

Бжьамийхэм зэран яхуэмыхъун папщIэ, къэрал хабзэм (СниП 2.05.06.-85) ипкъ иткIэ, ухуэныгъэ ирагъэкIуэкIхэр метр 350-кIэ бжьамийхэм япыIудзауэ щытын хуейщ дэнэ лъэныкъуэкIи. Ар «зона минимальных расстояний» жыхуиIэращ, абы къызэщIиубыдэ щIыгум зыри ипщIыхь хъунукъым, бжьамийхэр зи нэIэ щIэт Невинномысск дэт «Производственное управление магистральных газопроводов» къулыкъум и арэзыныгъэ тхылъ уимыIэу. Апхуэдэ бжьамий зыщIэлъым деж уэзыгъащIэ нагъыщэхэр гъэбелджылауэ тетщ.

**ПщIэ мыхъунухэр:**

ЩIыгущхьэм щышэщIа бжьамийхэм утеувэ хъунукъым, псалъэм папщIэ, абыхэм утету псым здызэпрышамкIэ урикIуэ хъунукъым. Бжьамийхэм япэгъунэгъуу мафIэ пщIы, ахэр къэзыухъуреихь бжыхьхэр пкъутэ хъунукъым. ЩIыуэпс гъуэзыр бжьамийм къиутIыпщу къэфцIыхумэ, Невинномысск дэт ЛПУМГ фыкъэпсалъэ мы телефонхэмкIэ: **8-86554-6-52-93** (диспетчер), **8-86554-6-53-63, 886554-3-99-87** (коммутаторым и телефонист).

«Правила охраны магистральных трубопроводов» хабзэм ипкъ иткIэ, «охранная зона» къэухьыр гъэбелджылащ бжьамийм и къэухьым къриубыдэ метр 25-м.



**А къэухьым щыпщIэ мыхъунур:**

Зи гугъу тщIа къулыкъум и арэзыныгъэ дэфтэр уимыIэу, ухуэныгъэ, гъэтIылъыгъэ, машинэ щытыпIэ е нэгъуэщI лэжьыгъэ щебгъэкIуэкI хъунукъым. АбыкIэ арэзыныгъэ къаIифхынумэ, фыкъэпсэлъэфынущ, Невинномысск дэт ЛПУМГ-м: **8-86554-6-52-93** (диспетчер), **8-86554-6-53-63, 886554-3-99-87** (коммутаторым и телефонист), здэщыIэр - **Комбинатская 16 уэрамым, п/о 14, п/я 22.**

Бжьамийхэм зэран хуэхъуахэм къыхуэзэIуахынущ къэрал Хабзэхэм къагъэув уголовнэ Iуэху. Уголовнэ кодексым къызэригъэувымкIэ:

1. Федеральнэ Хабзэ зи № 420, 07.12.2011 гъэм къыдагъэкIам ипкъ иткIэ, зэраныгъэ хамэ мылъкум епхамэ, къотхьэкъуэ сом мин 40-кIэ, е мазищым къриубыдэ лэжьапщIэкIэ, е сыхьэт 360-м къриубыдэ хэгъэзыхьыгъэ лэжьыгъэхэмкIэ. Апхуэдэ къабзэу, хуитщ мазищым щыщIэдзауэ, илъэситIым нэскIэ уаубыдыну.

2. А Iуэхугъуэ дыдэхэр узэрану пщIамэ, мафIэс щIэбдзамэ, къэбгъэуамэ, нэгъуэщI цIыхум зэрымыщIэкIэ фэбжь епхамэ, е хэкIуэдамэ, ухагъэзыхьу илъэси 5-кIэ уагъэлэжьэну е апхуэдизкIэ уагъэтIысыну хуитщ.

2003.12.08-м къыдэкIа, зи № 162-м Федеральнэ Хабзэм къызэригъэувымкIэ, хамэ мылъкум зэрымыщIэкIэ зэран епхамэ, къотхьэкъуэнкIэ хуитщ сом мини 120-кIэ е зы илъэс лэжьапщIэкIэ. Апхуэдэ къабзэу, хэгъэзыхьыгъэкIэ уагъэлэжьэнущ сыхьэт 480-кIэ е илъэскIэ, апхуэдизкIи уагъэтIысыфынущ.



@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIэдзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2800 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ